

Kisa ki pral genyen pou fanmiy

Broadleigh_{yo.}

Rejwenn nou nan **reyinyon Broadleigh Elementary School Community** pou w poze kesyon, pataje ide w yo, epikl pou ou jwenn enfòmasyon ou bezwen sou fason lekòl nan vil Columbus yo ap envesti nan edikasyon timoun ou yo !

- **Mèkredi, 10 Sept. a 6 p.m. nan East High School, 1500 E. Broad St.**
- **Mèkredi, 8 Okt. a 6 p.m. nan East High School, 1500 E. Broad St.**
- **Reyinyon vityèl ki dwe konfime (TBD)**

Novanm ak Desanm 2025

Yap voye imel pou ou, **pou fè w konnen ki nouvo adrès lekòl lokal ou.**

- Yap ofriw vizit famiyal nan nouvo lekòl lokal ou.
- Enfòmasyon yo pral jwenn ou sou chwa lekòl ou prefere (vle) an.

• Janvyè 2026

Chwa preferansyèl lekòl yo ap ouve 5-30 janvyè pou fanmiy ki vle enskri nan lot lekòl olye sa yo ladan l lan.

Fevriye a Avril 2026

- Opòtinite pou ou ak pitit ou pou ou rive konnen nouvo kay lekòl ou a, pwofesè, direktè ak kominote a.

Me ak Jwen 2026

- Manm fanmi ak kominote yo, pral gen chans pou onore bilding Broadleigh a, estaf, ak kominote a pou yon dènye fwa.

Out ak Septanm 2026

- Byenvini ankò! Elèv pral kòmanse nan nouvo lekòl lan.

Nap fè fanmi ou konnen avan poz ivè a, nan ki nouvo lekòl yo prale, esperan ke se yonn nan twa lekòl sa yo:

Fairmoor • Eastgate • East Columbus

Enfòmasyon enpòtan pou fanmi

Broadleigh *yo*

Sak ap pase?

Après plis ke 70 ane ap sèvi plizyè mil elèv, **Broadleigh Elementary pral fèmen nan fen ane 2025-2026 lan**. Se yon testaman pou lanmou ak swen kominote a kote bilding sa te jwenn opòtinite pou sèvi kom yon sanktyè pou edikasyon ak koneksyo pou avwazinant lan pandan plizyè jenerasyon.

Lekol nan vil Columbus yo angaje l pou l fè tranzisyon sa pi fasil ke posib ou elev ak fanmi yo , pa gen enteripsyon pou pakou edikasyon timoun ou yo. Nan mwa kap vini yo **nou pral travay avek ou pou nou asire yon byenvini chalere nan prochen fanmiy lekòl ou a**

Poukisa fèmen Broadleigh?

Après mn fin tandew fanmi yo avek fos angaje piblik la pou revize kondisyon bilding yo, kou mentenans yo ogmante inegalite nan pwogram akademik yo, Komite lekòl nan vil columbus yo deside retire plizyè ansyen kay lekòl ki aje pami yo ou jwenn Broadleigh.

Pandan nap respekte memwa ke asyen bilding sa yo kenbe, sit sa ki femen an vin tro chè pou mentnans ak operasyon. Femti sa ap pemet distri a ofri elev yo yon meye kalite program, teknoloji ak sevis kew ap ka jwenn selman nan nouvo bilding renouvle nou yo. Le nou femen ansyen bilding yo nou maksimize resous nou yo pou n fe si ke elev nou yo ap aprann nan yo fasilite ki rive satisfè bezwen bezwen yap genyen nan fiti yo.

Kisa sa vle di pou pitit ou an?

Komansman nouvel ane lekòl la, pitit ou a pral l lekòl nan yon nan lekòl nan vwazinaj la, baze sou jan kat jeyografi a bay li. Nap komans e pwosesus la kounya pou nou ka detemine opsyon pou famiy yo selon ide yo, **e ou ka fe pati pwosesus sa a pandan ke wap swiv reyinyon piblik kap vini yo**. Nap kontinye pataje mizajou yo nan wabsit realiman lekòl yo la: tinyurl.com/SchoolsRealign.